

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Désa Cilewo kaasup wilayah di kabupatén Karawang Beulah kalér. Désa Cilewo téh tempat lumangsungna panalungtikan ngeunaan tradisi Ngunjungan.

Tradisi Ngunjungan mangrupa salah sahiji tradisi masarakat di désa Cilewo anu masih kénéh aya nepi ka ayeuna dina waktu kolot ngawinkeun budakna. Ieu tradisi wajib dilaksanakeun dina ngawinkeun sabada akad nikah atawa walimahan. Aya tilu dusun nu jadi tempat panalungtikan ngeunaan tradisi Ngunjungan, nya éta: Cilewo, Gedang Manggala, jeung Pacogrég. Dina eusi tradisi Ngunjungan kapaluruh bébédaan dina prak-prakan antar dusun.

Tradisi Ngunjungan mangrupa pangaruh tina campur budaya antara Sumedanglarang jeung Banten. Ieu hal kapaluruh tina sajarah Karawang di jaman Sumedanglarang, nu tangtu jadi asét pikeun kabupaten Karawang dina widang Kabudayaan jeung Pariwisata. Sabab ieu warisan tradisi nu geus *mendarah daging* di wilayah Karawang. Tangtu penting pisan mangpaatna pikeun masarakat Karawang mikawanoh kana kabudayaan jeung tradisi nu aya di sabudeureunana.

Dina prak-prakanana aya sababaraha hal nu kudu ditataharkeun dina waktu Ngunjungan rék lumangsung, nya éta, macang-macang idangan, ngikralkeun idangan ku kokolot lembur, niténan kulawarga pangantén lalaki nu

bakal diunjungan, naékeun idangan kana kandaraan, nganteurkeun idangan ka kulawarga pangantén lalaki, jeung nyampeuran uang sembah jeung uang bekel.

Sacara gurat badag Ngunjungan mangrupa sarana pikeun ngajaga kakulawargaan antara manusa jeung papadana. Maksud jeung tujuan Ngunjungan, nya éta:

- 1) Sarana ngaraketkeun duduluran sabab mangrupa titis waris nu sajadi yén manusa teu bisa hirup nyorangan. Manusa éstu kudu ngajaga silaturahmi jeung papadana, sabab éta paréntah Pangéranna.
- 2) Sarana pikeun nyugemakeun nu jadi pangantén enggoning rumah tangga. Sabab budaya urang Karawang lamun nu kawin bujang jeung parawan kudu diria-ria (diramékeun). Pangantén perlu maham kana kahirupan méméh dileupaskeun ku kolotna séwang-séwangan. Ku kituna, nyugemakeun mangrupa kawajiban nu jadi kolot.
- 3) Sarana pikeun nyumponan tradisi ti karuhun nu geus jadi warisan tradisi. Mitologi di tatar Sunda kacida dipercaya ku masarakatna komo nu sipatna tradisi. Ieu hal mangrupa sarana komunikasi sukuran antara manusa jeung Pangéranna, manusa tangtu kudu sadar kana kani'matan nu kacida réana jeung wajib disukuran. Ku ayana tradisi Ngunjungan di désa Cilewo kapaluruh pisan yén manusa teu bisa hirup nyorangan jeung sadar kana kawasa Pangéran nu ngawasa alam dunya katut eusina.

Ieu panalungtikan méré ajén positif, sabab dina ieu tradisi nétélakeun pisan yén kabudayaan téh miboga sipat dinamis. Nya éta bisa robah luyu jeung

kamajuan jaman. Ku kituna, manusa perlu pisan ngalaksanakeun tradisi nu geus jadi warisan ti karuhunna séwang-séwangan pikeun idéntitasna dina hirup kumbuh di masarakat.

Tradisi Ngunjungan miboga ajén-inajén nu kalintang penting pikeun kahirupan masarakat désa Cilewo, di antarana: Silaturahmi/kakulawargaan, komunikasi, silih tulungan, silih hargaan, rempeg, gawé bareng, tata krama, tanggung jawab, jeung nurut kana aturan. Ajén-inajén ieu henteu kabéh katembong langsung sarta dihaja, tapi sacara teu sadar masarakat nu nyiptakeun éta ajén.

Pedaran di luhur ngajéntrékeun yén tradisi Ngunjungan kudu tetep dimumulé sangkan henteu tumpur ku kamajuan jaman sabab dina Ngunjungan nyangkaruk ajén Sosiologis nu penting dina kahirupan masarakat. Ieu hasil panalungtikan ogé bisa dijadikeun bahan pangajaran kabudayaan di SMA.

## **5.2 Rékoméndasi**

Sanggeus ngaréngsékeun panalungtikan ngeunaan tradisi Ngunjungan, nu nyusun miharep hasil ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban pangaweruh nu maca, hususna ngeunaan tradisi nu aya di masarakat Sunda. Ku kituna, nu nyusun méré saran ka sababarah pihak nu aya patalina jeung widang kabudayaan jeung pendidikan, utamana ka lembaga kabudayaan jeung pendidikan, pihak guru, pihak siswa, jeung pihak masarakat.

1) Pihak lembaga pendidikan

Dumasar kana hasil panalungtikan, tradisi Ngunjungan bisa jadi bahan ajar, sabab salian ti déskripsi dina Ngunjungan ogé réa pisan ajén sosial nu bisa diajarkeun.

2) Pihak lembaga kabudayaan

Tradisi Ngunjungan bisa jadi asét dina ieu widang, sabab dina Ngunjungan gedé pisan mangpaatna pikeun masarakat. Ku kituna, perlu pisan panalungtikan séjén ngeunaan budaya jeung tradisi nu aya di Karawang, sangkan masarakat apal kana budaya nu aya di tatar Sunda hususna umumna Indonésia.

3) Pihak guru

Hasil panalungtikan bisa jadi bahan ajar pikeun guru sangkan siswa maham ngeunaan tradisi jeung ajén-inajén nu nyangkaruk dina tradisi.

4) Pihak siswa

Siswa kudu wanoh kana kabudayaan tur tradisi nu aya disabudeureunana sangkan bisa ngamumulé éta kabudayaan.

5) Pihak masarakat

Masarakat bisa nyangking tur maham kana mangpaat tradisi nu positif sangkan bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.